



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 25 jiyè 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$55 MILYON DOLA NAN PREMÈ SERI PRIM NY CUNY 2020**

***Sibvansyon Konpetitif te akòde pou pwojè yo ki konekte devlopman ekonomik ak ekselans akademik e li pral kreye plis pase 3,800 djòb sou yon peryòd sizan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse premye seri prim NY CUNY 2020, bay \$55 milyon dola pou finanse uit pwojè inovè ki enplike 20 kanpis CUNY kap patisipe ki te deziyen pou konekte ekselans akademik avèk antreprenarya ak devlopman ekonomik lokal. Yo te chwazi pwojè yo atravè yon pwosesis konpetitif ki itilize anplwaye nan CUNY ak Devlopman Empire Stae e li pral sipòte kreyasyon plis pase 3,800 djòb pandan sizan.

“Pwogram CUNY 2020 deziyen pou konekte pwogram inovè, akademik ki ofri pa inivèsite piblik Vil New York a devlopman ekonomik lokal,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan ekonomi jodia, inivèsite yo pa sèlman salklas ak etablisman rechèch; yo sipòte plizyè milye djòb lokal e yo souvan motè ekonomik nan kominote lokal yo. Avèk prim sa yo, Eta kontan pou l bay finansman ki pral ede CUNY kontinye ofri yon edikasyon nivo mondyal a plizyè milye etidyan, pandan lap egalman sipòte nouvo djòb ak investisman nan kominote avwazinan yo.”

Chanselye CUNY James B. Milliken te deklare, "Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak eta New York paske yo investè nan inivèsite vil New York avèk CUNY 2020. CUNY te devlope ak enpleman anpil patenarya piblik/prive e inisyativ vitalite enpòtan sa pral kontinye grandi ekonomi an, kreye opòtinite travay, ak elaji rechèch ak devlopman nou nan tout senk awondisman yo. Sa a se yon gwo jou pou Inivèsite a ak tout Nouyòkè yo."

Pwogram NY CUNY 2020 relye konesans ak inovasyon edikasyon siperyè a revitalizasyon ekonomik rejyonal, e Gouvènè a te afekte \$55 milyon dola kòm yon pati nan Bidjè Eta 2013-14 pou NY CUNY 2020. Pwogram lan ofri sibvansyon pou kolèj 2-4 ane nan sistèm CUNY an pou pwojè yo ki konekte devlopman ekonomik ak ekselans akademik. Y ap chwazi pwojè yo nan yon manyè konpetitif ki baze sou enpak ekonomik, avansman objektif akademik, inovasyon ak kolaborasyon.

Bidjè Egzekitif 2014-15 lan enkli \$110 milyon dola pou elaji ak lanse yon lòt seri NY SUNY 2020 ak NY CUNY 2020. Nou pral bay priyorite a plan yo ki itilize teknoloji pou amelyore siksè akademik ak opòtinite travay pou etidyan yo, ogmante patenarya piblik prive atravè pwogram START-UP NY, ak pi byen konekte elèv yo a mache travay la.

Uit pwojè yo ki anba pral resevwa finansman kòm yon pati nan prim 2013-14:

**The Science and Resilience Institute nan Jamaica Bay (atribye \$7.7 milyon):** *Brooklyn College; Kingsborough Community College; City College; Guttman Community College; Hunter College; Queens College*

Pwojè sa pral enplike konstriksyon yon nouvo sant ak bato rechèch ki pral konsantre sou rezistans anviwonman, chanjman klima, ak dirabilite iben, e li pral kolabore avèk lòt enstitisyon akademik yo tankou NASA Goddard Institute ak Sèvis Park Nasyonal. Enstiti a pwojete pou kreye plis pase 784 djòb ki gen rapò a rechèch ak konstriksyon ansanm avèk revitalizasyon, ogmantasyon itilizasyon, ak elajisman aksè a Jamaica Bay.

**Teknoloji Transpòtasyon, Devlopman Pwodui ak Kabiran Dirab nan Vil New York (atribye \$9 milyon):** *Kolèj Kominotè Bronx; Kolèj Staten Island; City College; Lekòl Sante Piblik CUNY*

Pwojè sa a pral renove espas ki egziste deja pou kreye yon rezo pou teknoloji transpòtasyon, kabiran dirab, ak devlopman pwodui pou pwogram teknoloji otomobil CUNY. Kreye chemen karyè nan tout lekòl segondè ak kolèj, li pral ogmante etid sou kabiran renouvlab, itilizasyon machin ibrid, kalite lè a, ak modèl trafik ki gen rapò a entwodiksyon machin elektrik.

Pwogram Teknoloji Otomobil pral double anwolman l pou enkli 500 etidyan, epi fòme yo pou nouvo djòb nan domèn tankou enfrastrikti machin elektrik, bio-dizèl, ak ensdistri yo ki gen rapò a kabiran renouvlab. Ekspansyon Pwogram sa se akoz ogmante demann pou Teknisyen Sèvis Otomobil e yo atann pou jenere plis pase 2,073 djòb nan sizan, pandan lap ranpli plis pase 264 djòb lokal pa ane.

**Big Data Consortium (atribye \$15 milyon):** *Graduate Center; Kolèj Staten Island; Etid Pwofesyonèl Lekòl CUNY, Awondisman Kolèj Kominotè Manhattan; NYC College of Technology, City College*

Atravè yon konsòsyòm enstitisyon CUNY yo, CUNY pral elaji kapasite l pou analiz done ak vizyalizasyon pou sèvi alafwa sektè prive ak piblik. Pwojè a sanble bati sou pwen fò inovasyon teknolojik vil New York kap grandi pou etabli pwogram yo nan done analiz. Atravè yon pi bon konpreyansyon ak itilizasyon done, diplome yo pral antrene pou travay atravè yon varyete sektè ki egzije konpetans done analiz.

Enpak imedyat pwojè sa pral kreye 154 djòb konstriksyon ak plis pase \$15 milyon dola nan salè. Pwofesyonèl analiz done yo pral ranpli yon bezwen kwasan nan peyi a ak ogmante efikasite nan yon kantite espas travay.

**Allied Health Fòmasyon pou Travay nan Bronx (atribye \$2.2 milyon):** *CUNY Hostos Community College*

Pwojè sa a pral mete ajou ekipman ak resous pou devlope pwogram etid ki egzije diplòm ak sa ki pa egzije diplòm nan domèn Allied Health. Atravè ekipman modèn e etablisman yo ki fòme etidyan yo baze sou bezwen spesifik anplwayè swen sante rejyonal yo, diplome yo pral prepare efikasman pou domèn swen sante kap chanje nan New York. Atravè investisman sa a, plis pase 500 diplome nan yon peryòd senkan dirèkteman antre nan yon mendèv priyorite ki pwojete pou grandi apeprè a 20 pousan nan kèk domèn.

Domèn swen sante ak asistans sosyal se youn nan de pi gwo sektè travay lokal nan vil New York. Atravè pwogram ki ajou ak ekipman, Hostos Community College kapab elaji aksè a travay stab pou rezidan New York yo. Pwojè a pral ogmante enskripsyon nan pwogram Hostos Allied Health ki otman konpetitif ak modènize enstriksyon avèk dènye ekipman ki disponib pou etidyan ak pwofesè yo.

**Goldman Sachs 10,000 Small Business Education Center (awarded \$5 million):** *LaGuardia Community College*

Pwojè sa a pral konsolide Goldman Sachs Sant Edikasyon Ti biznis sa ki se yon pwogram investisman kominotè ki deziyen pou ogmante kwasans biznis lokal yo ki pare pou devlope, avèk yon konsantrasyon nan bay opòtinite pou minorite ak biznis fi yo posede.

Pwogram lan prevwa pou plis pase 1,000 biznis resevwa yon diplòm nan ane 2017 e ki te genyen apeprè 70 pousan nan diplome yo ki te siyale ogmantasyon revni, avèk kreyasyon plis pase 600 djòb. Li enkli estaj ak ko-op opòtinite pou etidyan yo travay avèk konpayi kap grandi yo ak pwogram jesyon nan Goldman Sachs.

**Nouvo Travay Enkibatè medya ak Laboratwa Inovasyon (atribye \$4.6 milyon):** *Honors College; Hostos Community College; Lehman College*

Pwogram Nouvo Medya milti-kanpis sa a pral pèmèt etidyan yo aprann ak eksperimente avèk kontni dijital 21<sup>yèm</sup> syèk la e li espere pou diplome 200 kandida pa ane epi lanse 24 nouvo biznis. Pwojè a pral kreye yon nouvo spesyalizasyon, yon nouvo pis onè ak yon opòtinite pou devlopman biznis pa etidyan yo, avèk yon konsantrasyon sou rekrute gwoup ki mal reprezante yo. Pwojè a chèche pou alimante nouvo sektè teknoloji Medya, kòm Eta New York se kay 29 konpayi medya milti-bilyon dola.

**Manifakti Avanse pou Devlopman Ekonomik (atribye \$1.5 milyon):** *Kolèj Kominotè Awondisman Queens; Queens College*

Pwojè sa pral devlope yon Sant Manifakti Avanse ki santre sou enpresyon 3-D, pou renove ak ekipe nan 6 mwa avèk ekipman enpresyon 3-D. Etidyan yo pral gen konpetans pou konsevwa ak pwodui konpozan sofistike atravè kolaborasyon avèk Depatman Syans Ódinatè Queens Kolèj ak lekòl segondè yo, sa ki pral kreye nouvo kou pou etidyan yo aprann pwogram sofistike ak pati nan pwosesis yo.

Enpresyon 3-D se yon pwosesis teknolojik ki kapab konsiderableman diminye pri manifakti ak fè konpayi yo retounen nan mache lokal la. Konpayi fabrikasyon yo bezwen travayè, kòm plizyè santèn milye diplome sou yon peryòd 5 ane pral pwodui nan teknoloji kap parèt sa a, konpayi fabrikasyon yo pral gen kapasite ogmante pou pwodui pati lokal yo ki aktyèlman ap devlope aletranje.

**Sant pou Edikasyon Swen Sante Allied ak Devlopman Mendèv (atribye \$10 milyon):** *Kolèj Kominotè awondisman Queens; York College, Queens College, School of Professional Studies, CUNY Law*

CUNY pral etabli yon klinik swen sante nan Nò Queens ki gen kapasite pou anseye etidyan yo ak ede manm ki defavorize yo nan piblik la atravè yon patenarya avèk Urban Health Plan Inc. Patenarya pral bay doub kontra atikilasyon pou etidyan yo nan yon varyete lekòl CUNY enkli sèvis legal nan CUNY Law.

Inisyativ sa prevwa pou ajoute 791 djòb sou yon peryòd twazan, 678 nan pozisyon travay sa yo pral ranpli pa diplome yo kap rantrè nan mendèv la avèk pwofesyon ki gen rapò a edikasyon swen santrè allied, yon konsantrasyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE